

DEVELOPE KONPETANS NAN LEKTI AK EKRITI DEPI NAN TIMOUN PITI RIVE NAN GRANMOUN **TIBEBE AK TIMOUN PITI**



PRAN TOUT TAN W

- ▶ Plis tibebe yo tande mo, se plis yo ap aprann.
- ▶ Rakonte jounen w: *"An nou al nan machin nan. Waw! Tan an vrèman bèl jodi a. Oke, an nou mete w nan chèz machin lan."*

MODÈL LEKTI AK EKRITI

- ▶ Kenbe liv, magazin ak journal ou renmen li yo toupatou lakay ou.
- ▶ Kite timoun ou an wè w ki ap li epi tande w ki ap pale sou sa w ap li a. Pa enkyete w si tibebe w la pa konprann tousuit; se aprann w ap aprann li pandan w ap li a.
- ▶ Di sa w ap ekri a awotvwa, kit se yon lèt, yon imèl oswa yon lis bagay pou achte.

LI AWOTVWA CHAK JOU POU TIBEBE W LA

- ▶ Bay vwa ki amizan, fè jès pou rakonte istwa a, lonje dwèt sou imaj yo epi poze kesyon.
- ▶ Pa gen pwoblèm pou sote kèk pati. Si tibebe w la ale nan yon lòt paj, ale avèk li.
- ▶ Santi alèz pou li yon magazin oswa yon woman, ki enterese w, awotvwa.

BAY LIV TIBEBE YO RENMEN

- ▶ Liv ki fèt an tisi ak katon epi ki fasil pou manipile yo, liv ki gen foto yo, sitou figi moun.
- ▶ Liv aprantisaj ki anseye timoun ou an ABC oswa 1-2-3.
- ▶ Liv kont oswa liv chante.

KÒMANSE "EKRTI" BYEN BONÈ

- ▶ Nenpòt mak sou papye a se yon bon kòmansman.
- ▶ Bay penti pou dwèt, makè ki fonsè oswa kreyon koulè.
- ▶ Pou mwens salte, eseye yon jwèt mayetik tankou Magna Doodle oswa yon pwogram desen sou tablèt.

KREYE TAN POU JWE

- ▶ Chante, resite kont epi jwe jwèt tankou pat-a-cake, tout ede tibebe yo aprann mo.
- ▶ Pase yon boul oswa yon jwèt ede nan devlopman kominikasyon resipwòk.
- ▶ Jwèt imajinatif yo tankou degizman, jwèt wòl ak jwèt konstriksyon, tout ankouraje lekti ak ekriti.

NÒT POU PARAN YO: Li enpòtan pou limite kantite tan timoun yo pase devan ekran an omaksimòm, men, si tibebe w la ap gade televizyon, chwazi emisyon edikatif tankou Signing Time, ABC videos ak PBS KIDS. Epi sonje sa, devlope konpetans nan lekti ak ekriti pa oblije koute chè. Ale nan bibliyotèk lokal la, nan depo, nan magazen okazyon yo, sou BuyNothing, epi nan lòt gwoup kominotè yo, pou jwenn liv gratis oswa ki pa koute chè. Bwat katon yo bon pou konstwi blòk ansanm ak jwèt kizin.



Boston Children's Hospital
Down Syndrome Program

DEVLOPE KONPETANS NAN LEKTI AK EKRTI DEPI NAN TIMOUN PITI RIVE NAN GRANMOUN JÈN TIMOUN YO



PRAN TOUT TAN W

- ▶ Entwodui nouvo mo vokabilè.
- ▶ Mete etikèt sou atik yo, dekri siyifikasyon mo yo epi lonje dwèt sou mo yo lè w ap li.

MODÈL LEKTI AK EKRTI

- ▶ Chèche gen lakay ou liv/magazin/journal ou renmen li.
- ▶ Kite timoun ou an wè w ki ap li. Pale konsènan sa w ap li epi ekri a – yon lèt, yon imèl, yon lis bagay pou achte.

LI AWOTVWA CHAK JOU

- ▶ Lonje dwèt sou mo yo pandan w ap li pou montre mo yo li sot sou bò goch ale sou bò dwat.
- ▶ Santi w alèz pou li yon bagay ou vle li (tankou yon magazin oswa yon woman), awotvwa.
- ▶ Li ansanm youn apre lòt, mo apre mo oswa chapit apre chanpit.
- ▶ Poze kesyon, fè prediksyon konsènan sa ki ap rive epi egzamine sa ki te pase a.

BAY LIV KI ENTERESE JÈN TIMOUN YO

- ▶ Liv kont, liv istwa ak liv sou dokimantè.
- ▶ Istwa ki pi long oswa liv ki gen chapit ki “fasil pou li”.

KÒMANSE “EKRTI” BYEN BONÈ

- ▶ Ranje yon espas pou ekrti. Gen materyèl ekrti yo sou lamen.
- ▶ Mande timoun ou an ede w fè yon lis oswa ede w kite mesaj.
- ▶ Koupe mo ak imaj ki sou bwat yo (pa egzanp bwat sereyal yo) epi itilize yo pou fè yon lis acha.
- ▶ Pou mwens salte, eseye yon jwèt tankou Magna Doodle oswa yon pwogram desen sou tablèt.
- ▶ Kite timoun ou an rakonte youn istwa oswa yon lèt.

MOMAN JWÈT YO KAPAB ANKOURAJE LEKTI AK EKRTI TOU


- ▶ Jwèt senbolik yo kontribiye nan devlopman konpetans nan lekti ak ekrti. Itilize rad, veso an jwèt, bwat ki vid, ak lòt materyèl ou genyen lakay ou.
- ▶ Jwèt ki jwe youn apre lòt yo ankouraje devlopman kominikasyon ki resipwòk.
- ▶ Diminye tan devan ekran. Chwazi DVD oswa emisyon edikatif (pa egzanp Signing Time, PBS Kids).
- ▶ Liv sou fòm odyo yo se bon mwayen pou timoun yo gade liv yo toutpandan yo ap koute mo yo.

NÒT POU PARAN YO: Devlope konpetans nan lekti ak ekrti pa oblije koute chè. Ale nan bibliyotèk lokal la, nan depo, nan magazen okazyon yo, sou BuyNothing, epi nan lòt gwoup kominotè yo, pou jwenn liv gratis oswa ki pa koute chè. Bwat katon yo bon pou konstwi blòk ansanm ak jwèt kizin.



Boston Children's Hospital
Down Syndrome Program

DEVLOPE KONPETANS NAN LEKTI AK EKRITI DEPI NAN TIMOUN PITI RIVE NAN GRANMOUN **TIMOUN KI GEN LAJ POU AL LEKÒL**



PRAN TOUT TAN W

- ▶ Pale sou sa ki enterese w epi jwenn liv pou aprann plis.
- ▶ Lè timoun yo tandè plis mo, sa ede yo anrichi epi amelyore vokabilè yo.

BAY LIV KI ENTERESAN

- ▶ Pwopoze liv sou dokimantè ansanm ak fiksyon.
- ▶ Liv ti komik/woman grafik yo kapab reprezante yon bon tranzisyon pou soti nan liv ak imaj pou vin nan liv ki gen chapit.
- ▶ Chèche tèm ki apwopriye pou laj timoun nan epi ki nan nivo lekti li.
- ▶ Eseye liv ki gen chapit oswa liv ki pi difisil pou ogmante vokabilè.

LI AWOTVWA CHAK JOU

- ▶ Li ansanm youn apre lòt, paj apre paj oswa chapit apre chapit.
- ▶ Pale sou sa w ap li a. Fè prediksyon.
- ▶ Ankouraje lekti endepandan lè w li pwòp liv pa w pandan timoun ou an ap li pwòp liv pa li.
- ▶ Mande timoun ou an fè lekti pou ou.

MODÈL LEKTI AK EKRITI

- ▶ Chèche gen lakay ou liv/magazin/journal ou renmen li.
- ▶ Kite timoun ou an wè w ki ap li.
- ▶ Pale konsènan sa w ap li a.

PRATIKE LEKTI REGILYÈMAN

- ▶ Ranje yon espas pou ekriti. Gen materyèl ekriti yo sou lamen.
- ▶ Mande timoun ou an ede w fè yon lis.
- ▶ Timoun ki pi gran yo kapab renmen kreye kat ve, ekri lèt oswa gen yon kanè.
- ▶ Eseye kite timoun nan dikte w oswa itilize yon aplikasyon pou dikte.
- ▶ Jwenn yon korespondans oswa yon zanmi pa imèl.

MOMAN JWÈT YO KAPAB ANKOURAJE LEKTI AK EKRITI TOU

- ▶ Jwenn aplikasyon pou w travay lekti a oswa pou jwe jwèt ki ankouraje lekti ak ekriti.
- ▶ Jwe jwèt sosyete ki amizan, tankou Boggle, Clue Junior oswa Apples to Apples Junior.
- ▶ Diminye tan devan ekran. Chwazi DVD oswa emisyon edikatif (pa egzanp Signing Time, PBS Kids, NOVA ScienceNOW).
- ▶ Liv sou fòm odyo yo se bon mwayen pou timoun yo gade liv yo toutpandan yo ap koute mo yo.

NÒT POU PARAN YO: Devlope konpetans nan lekti ak ekriti pa oblije koute chè. Ale nan bibliyotèk lokal la, nan depo, nan magazen okazyon yo, sou BuyNothing, epi nan lòt gwoup kominotè yo, pou jwenn liv gratis oswa ki pa koute chè. Bwat katon yo bon pou konstwi blòk ansanm ak jwèt kizin.



Boston Children's Hospital
Down Syndrome Program

DEVLOPE KONPETANS NAN LEKTI AK EKRTI DEPI NAN TIMOUN PITI RIVE NAN GRANMOUN **ADOLESAN AK PI GRAN YO**



PRAN TOUT TAN W

- ▶ Pale sou sa ki enterese w epi jwenn liv pou aprann plis.
- ▶ Koute plis mo ede jèn yo anrichi epi amelyore vokabilè yo.

BAY LIV KI ENTERESAN

- ▶ Pwopoze liv sou dokimanantè ansanm ak fiksyon.
- ▶ Liv ti komik/woman grafik yo kapab enteresan.
- ▶ Chèche tèm ki apwopriye pou laj jèn moun nan epi ki nan nivo lekti li.
- ▶ Sijere yon seri liv ki gen chapit oswa liv ki pi difisil pou ogmante vokabolè.

LI AWOTVWA CHAK JOU

- ▶ Li ansanm youn apre lòt, paj apre paj oswa chapit apre chanpit.
- ▶ Pale sou sa w ap li a, epi fè prediksyon.
- ▶ Ankouraje lekti endepandan lè w li pwòp liv pa w pandan jèn moun nan ap li pwòp liv pa li.
- ▶ Mande jèn moun nan fè lekti pou ou oswa pou timoun ki pi jèn yo.

MODÈL LEKTI AK EKRTI

- ▶ Chèche gen lakay ou liv/magazin/journal ou renmen li.
- ▶ Kite jèn moun nan wè w ki ap li, pale sou sa w ap li a, oswa li epi pale sou menm liv la.

PRATIKE LEKTI REGILYÈMAN

- ▶ Ranje yon espas pou ekrti. Gen materyèl ekrti yo sou lamen.
- ▶ Mande jèn moun nan ede w fè kèk lis.
- ▶ Ekri kat ve, lèt oswa ekri nan yon kanè.
- ▶ Travay sou endepandans ou grasa yon aplikasyon dikte.
- ▶ Jwenn yon korespondans oswa yon zanmi pa imèl.

MOMAN AMIZAN YO KAPAB ANKOURAJE LEKTI AK EKRTI TOU

- ▶ Jwenn aplikasyon pou w travay lekti a oswa pou jwe jwèt tankou Scrabble ki ankouraje lekti ak ekrti.
- ▶ Diminye tan devan ekran. Chwazi DVD oswa emisyon edikatif (pa egzanp NOVA ScienceNOW, Born this Way, Speechless).
- ▶ Telechaje liv ki sou fòm odyo yo.

NÒT POU PARAN YO: Devlope konpetans nan lekti ak ekrti pa oblije koute chè. Ale nan bibliyotèk lokal la, nan depo, nan magazen okazyon yo, sou BuyNothing, epi nan lòt gwoup kominotè yo, pou jwenn liv gratis oswa ki pa koute chè. Tar Heel Reader pwopoze liv gratis nan plizyè fòm (tarheelreader.org).



Boston Children's Hospital
Down Syndrome Program